



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 350 MILYON DOLA ASISTANS FINANSYÈ DIRÈK POU FANMI KI GEN REVNI FÈB AK MODERE YO NAN NEW YORK**

***Plis pase 1 milyon fanmi pral jwenn yon peman siplemantè ki rive jiska 330 dola pou chak timoun atravè Kredi pou Timoun Empire State la***

***Yo bay 2.6 milya dola pou Nouyòkè yo nan peman siplemantè depi 2022***

***Gouvènè Hochul dènyèman te fè li pi fasil pou aplike pou Pwogram Eta a ki kouvri 90% depans pou gadri pou timoun yo nan mache yo***

***Kontinye fokis Gouvènè a sou abòde kou lavi a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York ap bay apeprè 350 milyon dola nan peman siplemantè bay fanmi ki gen revni fèb ak modere nan tout eta atravè pwogram Kredi pou Timoun Empire State (Empire State Child Credit) la. Plis pase 1 milyon fanmi pral resevwa asistans finansye sa a san yo pa bezwen aplike, paske chak fanmi ki kalifye pral resevwa yon peman dirèk jiska 330 dola pou chak timoun. Sa ap kontinye efò Gouvènè Hochul ap fè pou abòde kou lavi a pou Nouyòkè k ap travay yo, ki gen ladan 2.6 milya dola nan peman siplemantè ak ekonomi yo te bay kontribyab depi 2022, ansanm ak dènye anons Gouvènè a sou yon pòtal dijital pou ede plis Nouyòkè jwenn asistans finansye pou kouvri depans pou gadri timoun yo.

"N ap remèt lajan nan pòch plis pase yon milyon Nouyòkè paske administrasyon sa a sèvi fanmi k ap travay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Travay nou an pa ko prèt ap fini. Soti nan agrandi kredi fiskal yo rive ogmante aksè ak asistans pou gadri, mwen p ap janm sispenn goumen pou rezoud kou lavi a pou paran k ap travay yo epi ede yo kreye yon avni ki pi briyan pou timoun pa yo."

Kredi pou Timoun Empire State la se yon kredi taks ranbousab pou Nouyòkè ki gen timoun ki kalifye pou revni yo. An 2023, Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a te elaji Kredi pou Timoun Empire State la pou enkli timoun ki poko gen kat ane yo, sa ki te benefisye apeprè 600,000 timoun adisyonèl chak ane. Nan kòmansman ane sa a, plis pase 1 milyon fanmi ki elijib pou Kredi pou Timoun Empire State la te kòmanse resevwa plizyè santèn milyon dola nan kredi taks ki baze sou deklarasyon taks 2023 yo.

Anons jodi a pral bay yon peman siplemantè bay fanmi ki elijib sa yo, anplis kredi taks 2023 yo te deja resevwa. Peman siplemantè yo varye ant 25 pousan ak 100 pousan montan Kredi pou Timoun Empire State la yon kontribyab resevwa pou ane fiskal 2023. Pousantaj la depann de revni. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Kontribyab ki elijib yo pa bezwen fè anyen pou resevwa peman adisyonèl yon sèl fwa sa a. Kontribyab yo ki te resevwa yon Kredi pou Timoun Empire State la ki omwen 100 dolasou deklarasyon taks eta 2023 yo ap resevwa yon chèk pa lapòs. Depatman Taks la ap kòmanse poste chèk nan premye semèn mwa out la epi kontinye pandan plizyè semèn.

Peman siplemantè Kredi pou Timoun Empire State la se rezilta yon akò ki te rive nan kòmansman ane sa a ant Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Asanble Carl Heastie epi Lejislati Eta a te pase.

**Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare,** "Abòdabilite pou Nouyòkè yo te yon gwo konsantrasyon nan sesyon lejislatif sa a. Mwen fyè dèske sou lidèchip mwen, Majorite Sena a te goumen ak fyète pou rann gadri pi abòdab pou fanmi k ap travay yo, sa enkli elaji pwogram asistans pou gadri a pou ogmante kalifikasyon revni, fè plis fanmi elijib pou pwogram nan, epi sipòte fanmi ki nan pi gwo nesesite yo. Peman siplemantè yon sèl fwa nan kad Pwogram Kredi Taks pou Timoun Empire State la pral chanje lavi anpil fanmi atravè eta nou an, epi li vini nan yon moman enpòtan anpil lè anpil moun ap lite ak kou lavi ki wo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Prezidan Heastie pou patenarya yo pou fè sa a akonpli pou fanmi New York yo nan bidjè ane sa a."

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare,** "Kredi siplemantè sa a pral bay 1 milyon fanmi atravè eta nou an soulajman ki nesèsè anpil lè yo remèt lajan dirèkteman nan pòch yo. Majorite Asanble a pran angajman pou fè eta nou an vin yon kote ki pi abòdab pou elve yon fanmi, epi ba yo plis fleksibilite finansye se yon pati enpòtan nan sa. N ap kontinye travay ak kòlèg nou yo nan Sena a ak gouvènè a pou mete fanmi New York yo an premye."

### **Li bay Nouyòkè k ap travay yo soulajman finansye**

Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a te bay yon nivo sipò finansye san parèy pou Nouyòkè ki gen revni ba ak modere pandan de dènye ane yo. Yo te Akòde plis pase 2.6 milya dola atravè pwogram peman ak ekonomi siplemantè pou plizyè milyon kontribyab New York depi 2022.

Sa gen ladann kredi ranbousman taks pou pwopriyete kay 2022, peman siplemantè Kredi Enpo sou Revni Salaryal 2022 ak Kredi pou Timoun Empire State la, sispansyon taks sou gaz 2022, ekspansyon Kredi pou Timoun Empire State 2023 ak dènye faz peman siplemantè Kredi pou Timoun Empire State la ki te anonse jodi a.

### **Ede plis fanmi k ap travay peye pou gadri**

Gouvènè Hochul te fèk lanse [ny.gov/childcare](https://ny.gov/childcare) – yon pòtay dijital pou ede rann gadri gratis oswa bon mache pi aksesib pou fanmi ki elijib yo atravè eta Pwogram Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP) New York la. Nouvo inisyativ sa a swiv envestisman istorik 1.8 milya dola eta ak federal la nan CCAP Gouvènè Hochul te garanti nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2025 la. CCAP kouvri plis pase 90 pousan depans pou gadri pou fanmi ki elijib yo, ak pifò fanmi ki gen kat moun pa peye plis pase 15 dola pa semèn pou gadri.

Dènyèman Gouvènè a te travay ak Lejislati a pou revize sistèm gadri a epi fè envèstisman istorik inik, ki gen ladan yon angajman 7 milya dola pou kat ane pou amelyore pwogram asistans pou gadri a; elaji kalifikasyon revni pou asistans gadri pou plis pase mwaye timoun piti nan New York; ogmante pousantaj ranbousman eta bay founisè yo pou ogmante kantite pwogram fanmi yo ka chwazi; investi 50 milyon dola pou etabli yon pwogram kapital pou gadri; investi 343 milyon dola pou estabilize pwogram ki riske fèmen epi sipòte mendèv gadri a; epi investi 15.6 milyon dola pou elaji gadri nan tout kanpis SUNY ak CUNY.

**Komisè pa Enterim, Amanda Hiller, te deklare,** "Peman siplemantè nan kad pwogram Kredi pou Timoun yo se yon fason pwouve pou mennen soulajman finansye ki nesèsè pou fanmi ki gen revni fèb yo. Nou pral kòmanse peman yo semèn pwochèn epi fè yo fini nan fen mwa a – alè pou depans pou retounen lekòl ak lòt bezwen."

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Gouvènè Hochul te pran yon angajman pou adrese povrete, ekipe fanmi yo ak ranfòse sekirite ekonomik pou rezidan Eta yo. Kredi pou Timoun Empire State la se yon pati enpòtan nan efò sa yo. Kredi sa a mete lajan nan men moun ki plis bezwen li epi li bay yon ogmantasyon finansye ki nesèsè pou fanmi ki gen timoun k ap eseye kenbe tèt ak kou lavi ki wo."

**Komisè OCFS la, DaMia Harris-Madden, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pou ranfòse fanmi New York yo evidan. Kit kounye a l ap bay apeprè 100,000 fanmi ki gen revni fèb aksè ak bon jan kalite gadri atravè Pwogram Asistans pou Gadri a oswa ofri èd finansye ak yon milyon fanmi atravè Kredi pou Timoun Empire State la, envestisman sa yo se yon sous estabilite finansye pou Nouyòkè yo. OCFS bat bravo pou Gouvènè a ak lejislati a paske yo te kreye yon chemen ekite ak endepandans, ke tout timoun ak fanmi yo merite."

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "Pandan kou lavi a ap kontinye ogmante, li enpòtan anpil pou nou nan gouvènman eta a konsantre efò nou yo sou sipòte Nouyòkè ki gen revni fèb ak modere yo. Kredi pou Timoun Empire State la fè sa lè li bay plis pase yon milyon fanmi atravè eta nou an peman siplemantè pou ede ak gadri. Investisman 350 milyon dola sa a pral pèmèt fanmi yo resevwa jiska 330 dola pou chak timoun pou ede soulaje fado finansye ki genyen lè yo leve yon fanmi. Epi sa ki pi bon se ke yo ka jwenn aksè ak benefis sa yo san yon aplikasyon! Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Lidè Stewart-Cousins, ak kòlèg mwen yo nan tou de chanm lejislati a paske yo mete lajan nou kote bouch nou ye nan sa ki gen pou wè ak sipòte fanmi New York yo epi bay Nouyòkè yo plis pase 2.5 milya dola nan peman siplemantè depi 2022."

**Senatè Eta, Roxanne Persaud, te deklare,** "Pwogram Kredi pou Timoun Empire State 350 milyon dola a pral ede plis pase 1 milyon fanmi New York ki elijib ak kou lavi k ap ogmante ak elve yon fanmi nan Etazini. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li kontinye sipòte fanmi ki gen revni ba ak modere yo atravè Eta New York."

**Senatè Eta, Andrew Gounardes, te deklare,** "Se pa yon sekre: fanmi k ap travay nan New York yo ap lite pou debwouye yo. Lè fanmi yo resevwa kredi taks, yo depanse lajan anplis pou mete manje sou tab la, pou peye lwaye, ak achte bagay esansyèl tankou kouchèt ak founiti lekòl. Si nou vle New York vin yon plas kote fanmi yo gen yon chans pou yo fè li, nou dwe ba yo resous pou pran chans sa a. Kredi pou Timoun Empire State elaji se yon etap enpòtan nan

direksyon pou kreye yon sistèm taks ki travay pou tout Nouyòkè, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman li pou sipòte fanmi ki pi bezwen li yo."

**Manm Asanble, Helene Weinstein, te deklare,** "Antanke yon bon defansè pou mete kredi taks enpòtan sa a nan Bidjè 2024-25 la, mwen fyè dèske n ap kontinye ede Nouyòkè k ap travay di yo nan remèt lajan dirèkteman nan pòch yo, sa ki pèmèt yo sèvi ak li nan pi bon fason pou fanmi yo."

**Manm Asanble, Andrew Hevesi, te deklare,** "Envestisman istorik sa a nan klas travayè New York la te vin posib gras ak efò enkonidisyonèl patnè defansè nou yo ki te kanpe avèk nou nan chak etap nan chemen an. Mwen remèsye kòlèg mwen an, Senatè Andrew Gounardes, paske li te dirije inisyativ sa a nan Sena a, ak Prezidan Heastie, Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins, Gouvènè Hochul, ak tout kòlèg mwen yo paske yo te pèmèt sa a reyalize."

**Manm Asanble, Kimberly Jean-Pierre, te deklare,** "Mwen bat bravo pou angajman solid Gouvènè Hochul pou sipòte fanmi New York yo atravè pwogram Kredi pou Timoun Empire State la. Peman sa yo ede soulaje fado finansye fanmi yo pandan y ap eseye navige nan ogmantasyon pri enflasyon nan lavi chak jou ki gen ladan pi gwo depans pou manje, rad, gadri ak lojman. Lè Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a agrandi ak rasyonnalize aksè ak pwogram sa a, y ap fè yon enpak sou lavi fanmi k ap travay yo, pou asire timoun nou yo resevwa sipò adisyonèl ki nesèsè pou yo pwospere."

**Manm Asanble, Clyde Vanel, te deklare,** "Sa montre angajman nou pou asire Eta New York abòdab pou fanmi ki gen revni ba ak modere, n ap travay di pou asire New York se yon kote fanmi klas travayè yo ka viv, travay ak grandi."

**Manm Asanble, Demond Meeks, te deklare,** "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan lejislati a pou angajman kontinyèl yo pran anvè timoun nou yo ak fanmi nou yo. Fanmi ki gen revni fèb ak modere ki gen timoun ki poko gen 17 ane pral resevwa asistans finansye dirèk nan fòm yon kredi taks pou timoun ki ranbousab nan men Eta New York pou diminye kou lavi ki deja wo ak pran swen yon timoun. Se responsablite nou kòm paran ak ofisyèl eli pou nou kontinye bay sipò ak resous ki bay kominote nou an amelyorasyon."

**Manm Asanble, Jen Lunsford, te deklare,** "Jwenn fason pou m remèt lajan nan pòch fanmi New York yo se pi gwo priyorite mwen. Pandan pandemi an, nou te wè ki jan peman kach dirèk bay fanmi ki gen timoun yo te ede fanmi yo soti nan povrete. Se poutèt sa mwen te goumen anpil pou ede sekirize ogmantasyon sa a nan kredi taks pou timoun, ansanm ak sipò adisyonèl pou rann gadri pi abòdab, akselere rediksyon taks klas mwayèn nan epi bay pwopriyete kay yo ranbè taks sou pwopriyete dirèk. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè a nan selebre livrezon fon sa yo!"

**Manm Asanble, Sarah Clark, te deklare,** "Nou te wè ankò e ankò ke peman lajan kach san restriksyon se pi bon fason pou ede fanmi yo. Peman siplemantrè atravè pwogram Kredi pou Timoun Empire State la pou plis pase 1 milyon fanmi pandan y ap achte rad, manje, ak atik pou retounen lekòl la pral ede timoun yo atravè New York. Mwen fyè de sa lejislati a te akonpli epi mwen rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte paran nou yo, moun k ap bay swen yo ak fanmi nou yo kounye a ak alavni."

**Manm Asanble, Jessica Gonzalez-Rojas, te deklare,** "Nou te tèlman goumen pou asire Nouyòkè yo ta resevwa sipò ak soulajman yo bezwen pou yo pi byen pran swen fanmi yo. Nou te tèlman goumen pou asire Nouyòkè yo ta resevwa sipò ak soulajman yo bezwen pou yo pi byen pran swen fanmi yo. Pandan kou lavi a kontinye ap monte, nou dwe fè tout efò posiblite pou diminye disparite yo. Peman sa yo pral ede bay soulajman ki nesèsè pou fanmi ki gen revni ki ba ak mwayen yo, epi ede abòde epidemi grangou a. Youn sou dis Nouyòkè, ki gen ladan prèske youn sou sis timoun, lite ak grangou epi nan yon eta ki gen anpil resous tankou pa nou sa a pa ta dwe konsa. Pandan ke sa a se yon gwo viktwà, gen anpil plis travay yo dwe fè. Mwen felisite kòlèg mwen yo paske yo te pase lwa a epi mwen espere fè plis pwogrè nan efò sa yo nan sesyon lejislatif k ap vini an."

**Direktè Egzekitif Jeneral Northern Rivers Family of Services la, William Gettman, te deklare,** "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou envestisman kontinyèl li nan fanmi ak timoun nou yo. Chak dola yo bay atravè kredi taks Empire State pou timoun kreye espwa pozitif, pwogrè edikasyon alavni ak amelyorasyon nan detèminan sosyal sante yo. Envestisman pwouve sa yo ede soulaje povrete epi kreye yon demen ki briyan ak souriyan."

**Peter Gannon, Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral United Way of Greater Capital Region, te deklare,** "Lè Gouvènè Hochul te siyen Lwa sou Rediksyon Povrete pou Timoun (Child Poverty Reduction Act) nan mwa desanm 2021, li te mete New York sou yon kou istorik pou diminye povrete timoun nan yon fason dramatik pandan 11 ane k ap vini yo. Anons jodi a ke Gouvènè a pou bay 350 milyon dola nan peman siplemantè bay plis pase 1 milyon fanmi New York atravè Kredi pou Timoun Empire State la se yon resous fòmidadab pou fanmi ALICE ki gen timoun. Nou konnen ke sipò finansye tankou sa a mache! Pandan pandemi an, povrete timoun te diminye a mwaye, men ak fen sipò finansye ki gen rapò ak COVID la, peman siplemantè sa a rive nan yon moman enpòtan, ki ofri yon soulajman ki nesèsè pou fanmi k ap fè efò pou debat yo. Inisyativ sa a non sèlman adrese bezwen finansye imedyà, men tou defann diyite fanmi yo, sa ki pèmèt yo bay timoun yo konfyans ak estabilite. Etap sa a montre angajman nou pou asire chak fanmi gen opòtinite pou yo pwospere."

**Prezidan ak PDG Sant Schuyler pou Analiz ak Defans lan, Kate Breslin, te deklare,** "Mete lajan nan men fanmi ki gen difikilte se yon fason pwisan ak imedyà pou diminye estrès epi bay fanmi yo sa yo bezwen pou yo pwospere. Schuyler Center felisite Gouvènè a ak lejislati a paske yo rekonèt valè ak pouvwa Kredi pou Timoun Empire State la nan diminye kriz pri abòdabilite ke anpil nan fanmi New York yo ap fè fas. Pandan ane ki sot pase a, nou te pase tan nan kominote yo – isit la nan Rejyon Kapital la pase nan Rochester rive nan nò Konte St. Lawrence – pou nou tandè fanmi ki ap eksperyans povrete. Nou te tandè plizyè fwa valè benefis dirèk lajan kach, tankou kredi taks. Kalite peman sa a pèmèt paran yo sèvi ak resous yo nan fason ki pi byen satisfè bezwen fanmi yo – kit se manje ki san danje pou alèji, pwotèj tibya pou foutbòl, rad lekòl, oswa lwaye."

**Direktris Patenarya ak Règleman sou Petit-Anfans nan Education Trust–NY, Jenn O'Connor, te deklare,** "Ekspansyon Kredi pou Timoun Empire State la make yon etap ki pwomèt nan direksyon objektif New York pou diminye povrete timoun nan 50% sou sèt pwochen ane yo. Istwa montre ke kredi taks yo efikas – pandan pandemi an, kredi federal la tanporèman leve 3 milyon timoun soti nan povrete. Li enpòtan pou nou abòde lefèt ke fanmi Nwa, Espanyòl/Latino, ak fanmi ki gen plizyè ras nan Eta New York fè fas ak povrete nan yon pousantaj ki pi wo pase timoun Blan yo. Nou felisite efò Gouvènè a ap fè epi nou espere kolabore avèk li ak Lejislati Eta a an 2025 pou amelyore estrateji rediksyon povrete, ki gen ladan plis kredi taks, gadri elaji, ak pwogram alfabetizasyon prekòs."

**Direktè Jistis Ekonomik ak Otonomi Familyal nan New York Immigration Coalition, Liza Schwartzwald, te deklare,** "Anpil Nouyòkè ap lite pou yo debwouye yo, paske tout bagay soti nan lojman ak makèt vin pi difisil pou peye. Agrandisman Kredi pou Timoun Empire State la pral bay plis pase yon milyon fanmi kèk soulajman pandan y ap investi lajan nan ekonomi lokal nou yo. Nou felisite Gouvènè a ak Lejislati a paske yo remèt lajan nan pòch fanmi yo pou yo depanse kote yo plis bezwen li, epi nou espere wè plis agrandisman. Li lè pou nou konstwi yon New York ki pi abòdab kote chak rezidan gen yon bon chans pou yo pwospere kèlkeswa revni oswa sityasyon imigrasyon yo."

**Larry Marx, Direktè Egzekitif Jeneral, Pwogram Timoun (The Children's Agenda) yo, te deklare,** "Gras ak adisyon sa a nan Kredi pou Timoun Empire State la, Gouvènè Hochul ak lejislati eta a te rann lavi yon ti kras pi fasil pou fanmi New York ki difisil pou yo leve pitit yo. Sondaj desanm 2023 nou an sou 600 paran nan Konte Monroe te montre yon nivo estrès ekonomik alamant, malgre to chomaj ki ba, yon mache bousye k ap monte ak pwodiktivite ekonomik solid. Nou bat bravo pou Gouvènè a ak lidè lejislatif eta yo paske yo itilize kredi taks pou timoun yo kòm yon mwayen ki espesyalman efikas pou soulaje difikilte ekonomik sa yo, epi nou espere ke New York pral kontinye devlope ak amelyore kredi taks pou fanmi yo pou yon enpak dirab."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)